



Moun K Ap Travay ak Bèt Volay yo: Pwoteje Tèt Ou Kont Grip Avyè

Grip avyè (ke moun konnen tou sou non enfluenza avyè) kapab pwopaje pami bèt volay tankou poul, kodenn, ak kana. Se souch H5N1 an ki tiye pifò bèt volay ki enfekte yo.

Grip avyè a, ansanm ak H5N1 an, kapab transmèt bay zannimo ak moun tou lè yo touche pou pou oswa lòt likid ki soti nan kò zwazo ki enfekte yo.

Ou gen risk pou w trape grip avyè a poutèt w ap travay avèk bèt volay.

Pran Prekosyon

Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) lè w ap manyen bèt volay ki malad oswa ki mouri.



Linèt sekirite oswa ekran pou bare vizaj ou



Mask N95



Chapo oswa bone pou kouvri cheve



Gan



Bòt/soulye oswa kouvèti plastik pou soulye



Salopèt ki enpèmeyab

Toujou byen lave men ou avèk savon ak dlo anvan ou mete ak retire PPE sou ou.

Lave rad ou epi dezenfekte soulye ou yo apre w fin manyen bèt volay.

Men Sentòm ki Manifeste Lakay Moun ki Gen Grip Avyè



Zye ki wouj, irite, oswa k ap bay dlo



Tous



Gòj fè mal



Nen k ap koule oswa ki bouche



Lafyèv oswa frison




Doulè nan misk oswa kò fè mal




Tèt fè mal



Fatig



Difikilte pou respire



Dyare

Si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo apre w fin manyen bèt volay ki malad oswa ki mouri, konsilte pwofesyonèl swen sante w la oswa rele Depatman Sante Vil New York la nan 347-665-0209. Gen tretman ki disponib.

Pou w jwenn èd yon fason pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante, kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa asirans ou, rele 311 oswa 844-692-4692.



Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nyc.gov/health/birdflu oswa eskane kòd QR la.